

Dyaspóra Aldy Castor retounen nan sous la nan peyi Benen

Nan dat Jedi 20 jiyè 2023, mwen te ateri nan ayewopò entènasyonal Cotonou, "Cadjehoun Airport", nan Benen. Ajan imigrasyon yo te bay ayisyen yo bèl akèy "nou kontan nou retounen lakay nou". Sila nan mitan nou ki genyen paspò ayisyen, menm kote a te tou konsidere tankou Beninen yo te vin tou pa bezwen viza pou antre nan peyi zansèt yo.

Vwayaj sila te òganizasyon pa Asosyasyon Medikal Ayisyen Aletranje (AMHE) pou komemore 220 lane anivèsè lanmò Touden Louvèti, ewo ki te komanse batay pou libere esklav yo. Nou te preske 300 Ayisyen, pifò nan nou ki se doktè te soti Kanada ak Etazini, nou te fè pelerinaj touris sa ki te genyen pou tèm: "Retounen nan sous nou" nan peyi Benen .

Nan ayewopò entènasyonal Cotonou, "Cadjehoun Airport", sal kote yo remèt vwayajè zafè yo, te



Batiman modèn nan katye coutounou

sanble tèt koupe ak sa Ayiti yo, bri kawouzèl yo, Potè k ap ofri vwayajè yo sèvis pou idantifye ak pote valiz ki chaje machandiz yo, tout sa yo te fè pandan on ti moman, mwen te lakay mwen nan ayewopò Touden

Louvèti nan Pòtoprens. Mwen soti nan rèv sa pandan n ap pase sou otowout ki louvri nan kat direksyon ki travèse katye rezidansyèl Cadjehoun, se la pi fò sèvis

gouvènman ak diplomasi Cotonou yo ye. Modènite ak jan katye yo pwòp te vin kenbe atansyon m.



Batiman modèn nan katye coutounou

Nan demen nou te ale nan wayòm Allada nan Dahomey, yo te konn

vann anpil afriken tankou esklav pou vin travay nan koloni Sendomen. Alèkile se yon gwo disnati wayal ki genyen anpil pouvwa k ap reye sou wayòm Dahomey a, se te wa Houégbadja ki te kreye dinasti sa nan 16 yèm syèk. Nan monachi absoli sa, se wa premye lidè espiyèl la, ki genyen tout richès wayòm nan e ki gen dwa lavi ak lanmò sou sijè li yo.



Boutik nan Cotonou

Pandan nou t ap sòti nan katye Cadjehoun, yon amerikèn nan gwoup nou an di: « Nou retounen nan ti "Ayiti' a." » Chanjman sa te fèt brid sou kou. Lòt bò lari a, nou te twouve nou nan kè Pòtoprens, men yon Pòtoprens ki miyò, ak b ?on jan enfrastrikti sanitè, wout ak kouran.

Anpil nan nou te panse se te nan yon chato wayal, menm jan ak Citadelle Laferrière yo t ap resevwa nou. Men malerezman! Wa yo te pèdi pouvwa politik ak ekonomik yo depi 1894, apre kolon franse yo te vin tabli koloni yo nan Benen. Sel pouvwa dinasti a te genyen alèkile se pouvwa, lide espirityel e pouvwa sa te bout nan limit palè wayal la, wa te sèlman genyen pouvwa sou moun ki rekonèt tèt yo kòm desandan liy wayal yo. Politisyen yo konn itilize yo pafwa tankou gadò mouton pou eleksyon, oswa medyatè pou kèk kriz nan sosyete a.



Aldy nan palè Alladah

Nou tout te rasanble anba yon gwo tant nan lakou palè wayal Alladah ap tann wa Kpodegbe rive. Kèk nan sijè li yo, ki se fanm abiye an tout an blan, te chita atè a ozalantou fòtèy wa a pandan yon ventèn mizisyen ak dansè t ap amize nou ak mizik "rada" – defòmasyon mo ayisyen an nan wayòm Arada - tanbou, enstriman jan sa fèt sa lakay nou Ayiti.



Wa ak sijèli yo

Altès wayal la, wa Kpodegbe, te sanble ak on gwo chèf pandan l ap mache vin sou twòn li, yon wòb blan men longè sou li, yon baton an lò tou nan men li, plizyè nan sijè li yo te fè lantouray li. Apre salitasyon yo, prezidan AMHE bay wa on drapo Ayiti. Wa a te fè yon diskou ki mache ak sikonstans yo, kote li t ap fè elòj Tousen Louvèti, li te pwofite pale tou de vizit prezidan René Préval nan palè wayal la. Mwen pandan tan sa a mwen rive fè on ti chape kò m nan bon moman pou m al fè on ti foto ak wa. Lè rankont lan bout nou bay ofrann yo mande a : 20 dola ameriken!



Foto a

Pandan nou nan wout ap tounen, chofè bis nou an pèdi li pase nan move wout la, yon wout tè nan mitan yon jaden mayi. Mwen te panse mwen te pèdi nan youn nan wout Léogâne nan peyi m yo, nan mitan yon jaden kann. M pa bezwen di w! Mwen te tèlman fatige, nan demen maten dòmni twonpe m bis la te ale kite m. Nou t ap ale vizite Ouidah pou komemore zansèt nou yo. Mwen te anvi vizite Savi anpil. Savi se te yon ansyen pèp Xwéla ki sèvi koulèv Piton, nan "Gwo tanp piton yo".



Gwo tanp piton yo

Se Ouidah tou nou jwenn "Forè Sakre" ak kèk lòt dye ak pas yo te konn yo kote yo te konn vann esklav yo bay moun ki genyen plis lajan yo, avan yo pran « *la route de l'esclavage* » pou rive nan « *Porte du non-retour* ». Te genyen yon seremoni senbolik yo te konn fè esklav yo fè nan lantouray yon pye bwa, anvan yo te anchennen yo e fòse yo ale nan amerik la. Seremoni sila, ki pote non « *l'arbre de l'oubli* » pou yo te kapab bliye tè kote yo soti a, tè kote yo fèt la, kilti yo, vi yo te genyen an, libète yo ak fanmi yo. Nan seremoni sila gason yo fè nèf tou epi fanm yo fè sèt tou pye bwa, nou menm nou te deside te fè menm jès sila nan lide pou nan esklav yo retounen nan tè kote yo sòti a.



Arbre de l'oubli

Mwen te vin deside ale mache nan Benen nan pami abitan yo pou mwen te ka konnen yo pi byen. Mwen te fini panse se Ayiti mwen ye, san m pa ka eksplike tèt mwen poukisa, abitud ak koutim de peyi sa yo tèlman sanble menm nan detay tou piti ou pa t ap panse. Mwen te kwaze yon bèl jèn fanm, ki t ap twaze yon filè « twwwwuuuiippss » apre li fin vire tèt li agoch a dwat [li rale byen



On ti flannen nan Benen

fò yon lè nan fant dan li] - "plis ou souse tamaren an - plis li dire, plis li bon tou"- jèn jan te ale tou jennen. Madmwazèl la te eksplike mwe, Beninois yo genyen pawòl ak fason pa yo, vini wa jwenn nan pou yo esprime yo tankou "twwwwuuuiippss, gwoup etnik pa yo a ak alfabè pa yo a ki se : fongbé," é xwè nyò, é xwè apì, é dè cò", oswa franse, tankou "é houé gnon, é houé apì, é dé tchon". Mwen remake menm "twwwwuuuiippss" sa yo lakay fanm ayisyèn ak Jamayikèn yo tou, men pa lakay fanm afro-ameriken yo.

Beninwa yo menm jan ak ayisyen, pa toujou di sa yo panse, jan yo panse l tout bon an. Anvi yo sovan genyen pou fè moun ki anfas yo a plezi fè m sonje pawòl yon depite ayisyen tout mon konnen: "Mwen pa ni dakò ni pa dakò byen okontrè". Bagay souflantchou nèt!

22 jiyè nan maten gwoup mwen te dwe deplase byen bonè pou nou te kapab ale nan wayal Abomey ak bis la e fwa sa dòmi pa t tronpe mwen e mont chofè nou an pat sou lè inivesel men sou lè Benenè oswa lè Ayiti a. Apre yon long vwayaj ki dire preske 4 è tan, nou te ale tou dwat nan "Pale Wayal" la. Apre seremoni abityèl yo, mizisyen yo te rele dye (la tè ak fètilite) sou yon ritm Agbotchébou.

Mwen te kanpe tou pre youn nan kolèg mwen yo, Dumarsais Mécène Siméus, lè mwen wè li kòmanse genyen wa ta di kontraksyon tou piti. Epi menm moman li voltije tankou yon flèch nan

mitan anfi teyat la, li vire kou toupri, li kilbite, manke tonbe, li kanpe, vire tou won, pedi ekilib, epi l tonbe atè sou do. Koleg mwen an **“vann zouti l men l pa bliye metye l”**



Siméus pran lwa

Lè nou retounen nan otèl la, mwen te mande yon zanmi m Beninwa, yon etidyan k ap fè yon doktora sou entènèt nan listwa ak akeyoloji, pou li fè yon entèvyou ak kolèg mwen an apre li te fin di mwen li genyen san "Benin k ap koule nan venn li", li pale lang nan menm jan ak beninwa yo lè ap rele dye zansèt li yo k ap proteje yo, "fongbé" : Agbéto-woyo, Adantoxu, dye lanmè a, ak Dan gaga hwèdo, dye richès ak opilans, ki genyen pou yon koulèv. Dye sa sa yo te vin abite tou nan Panteyon tanp vodou Ayiti, kote defen papa l te ougan jiska laj 98 lane.

Dumarsais Mécène Siméus, ke yo rele tou Dumas Siméus, te fèt nan lane 1939 nan Pont-Sondé nan Fon Latibonit, Ayiti. Papa li pat konn li men se te yon plantè diri, men li menm li reyalize anpil gwo bagay nan lavi li. Yo te ba li non sa nan lonè yon zanmi papa l ki te rele Dumarsais Estime, ki pral prezidan Ayiti kèk tan apre. Dumas Siméus te fè etid li ak detèminasyon, li te gen yon diplòm nan jeni elektrik nan Howard University, nan Washington DC, ak yon MBA nan University of Chicago Graduate School of Business.

Simeus te pran grad nan plizyè gwo antrepriz, li te rive prezidan Beatrice International Foods, ki se te miltinasyon 2 milya dola ameriken ki gen operasyon ak filiales nan 25 peyi nan epòk sa. Li te rive mete sou pye "Siméus Foods International", yon konpayi ki te vo 155 milyon dola pa ane. Nan lane 1999, li te pran yon etap filantwopik nan lavi l te kreye Org. Sove Lavi, yon òganizasyon san bi likratif ki ede pèp ayisyen jwenn lasyenyay, ledikasyon, ak rad. Siméus ak mwen te gen privilèj patisipe nan Gwoup Konsiltatif Ayiti Gouvènè Florid la Jeb Bush te òganize sòti oktòb 2004 rive Fevriye 2005. Jefò kolektif sila te bay 24 rekòmandasyon sou zafè sekirite, kwasans ekonomik, ak preparasyon ak jesyon katastwòf pou Ayiti.



Aldy ak Siméus



Siméus pran lwa

Kriz san zatann sa ki te pran kolèg mwen an, eske se pa tankou yon fòm katazis? Paske li di: “Mwen ap viv ak vodou, se gidò ak baz lavi m. Lè mwen rive Benen, mwen te konekte ak sous la menm moman e mwen tou konnen se la pifò fanmi Ayiti nou yo soti. Nan Benen, mwen lakay mwen”.

Kisa vodou ye pou "Danxomènou" yo? Se yon fòm espiritualite, yon espas kote tout moun egal ego, yon konpreyansyon sou linivè, yon kilti ak yon vizyon mond lan. Pratik sosyal sa a melanje abitud ak koutim pèp Aja-fon ak Yoruba nan Benen. Tout eritaj ak enèji sila ki te andòmi anndan kolèg mwen an te reveye e konekte li ak zansèt li yo nan palè wayal Danxomè.



Seremoni vodou nan Benen

Kisa vodou ye pou Ayisyen? Vodou, ki vle di "lespri" oswa "divinite" nan lang Fon wayòm Afriken Dahomey a (kounye a Benen), te parèt kou yon relijyon afro-ayisyen nan 16yèm pou rive nan 19yèm. Filozofi vodou a melanje ak brase kwayans espiritiyèl afrik lwès ak katolik women, yon konvèjans ke yo rekonèt kòm senkretis relijye. Prensipal disip li yo se Ayiti, nan karayib la ak New Orleans yo ye. Vizyon vodou genyen pou monn nan gen a wè ak filozofi, laswenya, jistis ak relijyon, tout bagay ki anrasinen nan prensip fondamantal ke tout bagay gen yon sans espiritiyèl.



Vèvè : pou rele lwa yo

Èt imen yo sou fòm lespri, abite wayom vizib la, pandan envizib la li menu chase ak antite envizib tankou zanj, lespri zansèt, ak nanm ki fèk mouri yo. Yo kwè ke lespri sa yo abite nan Ginen, yon peyi mitik ki sanble ak lafrik espiritiyèl la. Paralèlman ak Krisyanis la, disip Vodou yo gen yon kwayans nan yon sèl dye

ak yon seri lespri ki kontribye nan gouvènans nan limanite ak mond natirèl la.

Madi 25 jiyè a, pelerinaj nou an nan peyi zansèt nou yo rive nan bout li, depi 7 èdmi nan maten delegasyon nou an te pare pou vwayaj yon 352 kilomèt (218 mil) soti Cotonou pou rive Akra nan Gana nan otobis la. Byen ke rete, defi viza pou leve menm si avan nou ale yo te di nou n ap jwenn yo lè nou rive nan fwontyè Togo-Gana a. Koleksyon paspò ak 245 ameriken lajan kach nan men anviwon 150 pèlren pou ranpli fòmalitye abityèl yo nan anbasad Gana nan Kotonou! 2 è nan aprè midi: yo konvoke pèlren yo an pèsòn nan anbasad Gana! 2 è 30 nan aprè midi: Pelren yo Anbasad ameriken ki nan Kotonou rele pou mande èd! Tout pèlren ta dwe gen viza yo anvan anbasad la fèmen: koutwazi anbasad Gana! 11 è 30: nan aswè travay fini! Minwi: pasaje nan 7 otobis Benenèz yo pase nan 7 otobis Ganayen yo!

Kòm yon Katolik, li te enposib pou mwen pa tabli yon raprachman ant jan lespri afriken Sakpata nan palè Abomey la te posede Siméus la ak evènman, desann Sentespri a nan pannkòt la, jan sa dekri nan Ak Apot yo. Nan Senak la, apot yo ak Mari te reyini pou selebre fèt Chavout la lè sa

sanzatann, “yon gwo bri te soti nan syèl la, e li te sanble ke yon gwo vyolan te anvayi kay kote yo te ye a. Lè sa a, lang tankou flanm dife parèt epi separe pou poze sou chak apot ki la yo. Lè sa a, tout moun te ranpli ak Sentespri a epi yo te kòmanse pale nan lòt lang, chak pale dapre don Sentespri a te ba li. Malgre ke de sitistasyon yo diferan nan orijin yo ak enplikasyon kiltirèl yo, yo pataje yon sèten resanblans resepsyon ak espresyon esprityèl ki, nan tou de ka yo, ta vle souliye inivèsalite esperyans divèn, men tou limit lè zòm ki manifeste nan kwayans diferan ak kontèks kiltirèl.

Pandan tan sa zanmi m Beninwa mwen te vin rann mwen vizit. Nou te koze sou on bann ak on pakèt bagay e sitou sou Benen. Prezidan ki genyen sou pouvwa pou koinye la nan Benen, Patrice Talon, te monte sou pouvwa nan lane 2016, se re dezyèm manda l. Dapre zanmi m nan, Prezidan Talon ap mete peyi a sou wout devlopman - yon gwo batay kont koripsyon, lajan k ap gaspiye ak dezè nan tèt leta. Prezidan an pote yon lòt sou tou nan administrasyon piblik la ak sektè prive a. Chanjman sila yo kòmanse pote rezilta. "Fè atansyon," li te di, "an Afrik, rasin koripsyon gen tan pouse. Nou ka wè mAlger administrasyon piblik vin plis itilize zafè teknoloji nimerik la, yon fonksyonè sivil la ka fè espere li bay reta nan lè pou livrezon nan sèvis kòmande itilizatè a fèt la ki li menm pral oblije bay lajan pou livrezon an fèt nan lè l ap bezwen l la.

Nan plan devlopman li, Prezidan Repiblik Benen an, pami lòt moun, te dekrete "lekòl pou tout moun", obligatwa, layik epi gratis. Li te dekrete toy 10 ane lekòl gratis pou ti fi, soti nan primè jiska twazyèm ane. Sa ki vin fè olye 54,11% timoun jan sa te ye nan lane 2020 an se 65,41% timoun ki te fini lekòl primèn nan lane 2021. Pou plis randman nan lekòl yo, li mete kantin nan tout ki andeyò yo pou timoun yo ka jwenn yon bon plat manje chak jou.

Benen ak Gana te pase anba kolonizasyon. Lafrans li menm te kolonize Benen. Depi lè sa franse te tounen lang ofisyèl yo. Gana li menm te se te Almay ki te kolonizèl, sa ki vin fè se anglè ki vin lang ofisyèl la. De peyi sa yo se nan zòn atlantik la yo ye, yo preske gen menm kilti. Gana li menm pratike matrilite, se pi gran pitit gason sè wa a ki vin rann plas li sou twòn : nan Benen, sistèm sosyal la se patriyakalinite, nan twòn nan pase de papa a pitit gason.

2 è nan maten: Nou pran wout pou fwontyè Togo! 4 è nou rive sou fwontyè a. Tankou bon jan afriken togolè yo koumanse fè lè pase. Pa gen lank pou mete so sou paspò yo, pa gen...! Nou rive konprann jwèt la.

Pandan tan sa, mwen mande yon doktè nan delegasyon an, ki se moun Aken, ak ki wout nan Aken li wè wout sa ki pa asfalte pèpandikilè ak gran wout la sanble. – Li reponn mwen « Wout sa sanble tèt koupe ak ri Pò Sen Lwi ! » Pou nou ka klè sou sa, mwen voye yon foto wout la montre on zanmi m nan Aken zanmi m 'nan Aken. – “Wout Pòs Gay” – Wout ki pase dèyè fò a” - “wout...”.



Yon wout nan tè nan lavil Togo

Ofisye imigrasyon yo te rive sele paspò yo epi ranpli fòmalitye ladwann yo. Sa pran nou prèske inè tan pou nou rive Togo. Nan fwontyè Togo ak Gana, ofisye imigrasyon Togolè yo, ak so yo benyen ak lank, me so sou prèske 300 paspò nan yon bat je : sa kapab nan 25 minit. Ayisyen ak Togolais yo gen tèt di.

Nan sal imigrasyon Gana a, pèsonèl militè Gana yo t ap tann delegasyon nou an pou menen pwosesis la ak ofisye imigrasyon yo. Chapo ba! Tout fòmalitye yo te fèt nan on bat je. Anvan nou ale Accra, yon ofisyèl gouvènman Gana te vin prezante nou eskiz nan non gouvènman Gana a delegasyon nou an pou erè ak ti pwoblèm ki te rive a. Pa gen anyen ankò pou rapòte pou rès vwayaj la, senpleman bis la la te oblije kanpe tanzantan pou moun yo te ka soulaje bezwen natirel yo nan lanati! Yon Ganayen nan otèl la te di mwen « sekrè » li genyen ki fè li rive fè vwayaj long sa yo san pwoblèm. Pa manje ak bwè 24 è tan anvan vwayaj la ». Otobis nou an rive nan otèl la nan Accra mèkredi 26 jiyè alantou 10 è nan aswè. Bis la te kouri pandan preske 27 è tan pou l fè 352 kilomèt (218 mil) ki soti Cotonou, Benen nan Accra pou rive Gana!

Men nan 28 jiyè yo mennen nou vizite Elmina Castle, yon fò Pòtigè yo te konstwi nan lane 1482 nan Gana. Fò sa a se te youn nan sant prensipal komès esklav nan Gine ak nan tout afrik lwès la. Mwen sot reviv mati ak lanfè komès esklavaj la te lakoz zansèt nou yo pase, yo te kidnapè yo, mete pil sou pil tankou sadin nan yon bato epi voye yo nan koloni yo. Erezman, bagay sa te aboli nan lane 1814.

Mwen t ap imajine yo nan ti kacho fè nwa tou long sa yo, kote limyè solèy la pase selman na kek ti tou nan miray la, gason ak fanm pil sou pil, make tankou bèt ak fè cho, swaf dlo af touye yo. Mwen t ap imajine jan prizonye yo do konn kouche atè a sou wòch yo, nan labou santi a pou yo te kapab fè yon ti dòmi. Mwen pa te mem kapab pase nan ti tinèl la ki mennen nan chanm ki pemèt ou rive nan « La porte du non-




Kacho pou esklav fanm yo

retour » Mwen pa t kapab kwè lòm te ka fè lòm parey li tout mechanste sila. Mwen pap janm bliye sa ki ekri nan plak ki sou miray Elmina : " Nou pa dwe janm bliye mati zansèt nou yo te pase. Se pou sila ki mouri yo repoze nan lapè. Se pou sila ki retounen yo rejwenn rasin yo. Lòm pa dwe janm refè m lòm parèy li yon enjistis konsa ankò. Nou menm ki vivan, nou sèmante pou nou respekte sa."

Poutan nan eta Florid kote mwen abite jodi a, gouvènè nou an ak kèk politisyen nan lòt eta o zetazini te pran yon lwa ak politik piblik sou zafè ras ak diskriminasyon, pou kapab genyen plis moun po blanch nan lekòl leta yo.

30 jiyè, pelerinaj mwen bout. Souvni sa yo ap rete grave nan lespri m, e tou fè m sonje enpòtans sa genyen pou nou prezève eritaj kiltirèl nou an, mwen pral ranfòse lyen mwen genyen ak rasin mwen yo. **Reminisans avanti** espiyèl ak edikasyon sa a nan Benen ak Gana anrichi jan mwen wè m kòm manm dyaspora ayisyen. Yo toujou di tradisyon ak modènite se tankou de chimen youn konplete lòt men tou ki kontre on sèl kote, e mwen wè sa pandan vwayaj sila, Ayiti kapab e dwe pran chimen sa. Se volonte enterè pou pèp ayisyen ki rive chape anba lanfè esklavaj la ki pa genyen.

Mwen te kanpe sou twotwa nan Miami International airport ap tann taksi mwen te rele a vin chèche m pou mennen m lakay mwen. Aldy, Aldy, yon moun lòtbò lari a t ap rele m. Se te yon ansyen zanmi. - Ki kote ou sòti? - Benen! Ou pat pè, paske vodou pa yo a pi fò pase pa nou an. - Non, mwen te ale nan sous la, pou m ka pran on pi gwo degre. - Ou sonje pwoblèm mwen te genyen ak Ti Joseph la, miche t al fè maji deyè m... Erezman, taksi uber mwen an te rive nan bon moman, mwen tou monte ladan li epi rès istwa menm...



Plak ki sou miray Elmina Castle la

Doktè Aldy Castor
(954) 873-0064 /aldy@att.net
Weston, Floride, USA. 28 dawout 2023